# Нур

6+

ISSN 0207 - 6551

4

2015





# Налшык – лIыхъужьыгъэм и къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр Хэку зауэшхуэм и зэманым, 1942 гъэм августым икухэм щыщIэдзауэ октябрым и кIэ хъухукIэ, фронт гъуэгуанэу щытащ. Бахъсэн псым километр тIощIкIэ нэхъ пэмыжыжьэу Совет Армэм зыхъумэжыныгъэ зауэхэр иригъэкIуэкIырти, налшыкдэсхэм зауэлIхэм я гъусэу ди щIыналъэр яхъумэнымкIэ ялъэкI къагъэнакъым. Налшык дэт заводхэмрэ фабрикэхэмрэ зауэ техникэ къутахэр щызэрагъэпэщыжырт, боеприпасхэр къыщIагъэкIырт. IэфIыкIэ щащI фабрикэм, лы комбинатым я ерыскъыпхъэхэр зауэлIхэм хурагъэшэрт, щIакхъуэгъажьэхэм я лэжьыгъэр зэи зэпыуртэкъым. Налшык дэт зауэ сымаджэщхэм уIэгъэ хъуа сэлэтхэр щагъэхъужырт.

Мин бжыгъэм щIигъу ди цIыхухэм Налшык къалэ и хъуреягъым щIытI куу щаухуауэ щытащ. Октябрым и 25-м щыщIэдзауэ 28-м нэсыху 1942 гъэм Налшык къалэр яхъумэу зауэр щекIуэкIым налшыкдэсхэр зауэлIхэм ядэIэпыкъуащ ерыскъыкIэ, уIэгъэхэр зыхуей хуагъэзащ.

Налшыкдэс мин бжыгъэхэр Хэку зауэшхуэм и IэнатIэ псоми щызауэрт. Абыхэм ящыщу мини 8-м щIигъум я гъащIэр ятащ хэкум папщIэ.

Хэкум и текIуэныгъэм папщIэ ди цIыхухэр я псэ зэремыблэжар къалъытэри 1985 гъэм Налшык къалэ Хэку зауэшхуэ орденым и япэ степеныр къыхуагъэфэщащ. Мартым и 25-м 2010 гъэм Налшык къыфIащащ «Сэлэт лIыхъужьым и къалэ» цIэ лъапIэр.

***ОПРЫШКО Олег**, тхыдэтх*

# КЪЭБЭРДЕЙ ТХАКӀУЭХЭР ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ И СЭЛЭТХЭТ

Хэку зауэшхуэм лӀыхъужьыгъэ нэс къагъэлъагъуэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыху куэд. Абыхэм щыщу мин бжыгъэхэм я псэр ятащ Хэкум и хуитыныгъэм папщӀэ.

Бийм пэщӀэувэну ираджахэм яхэтащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтӀылъа усакӀуэшхуэ Щоджэнцӏыкӏу Алий – Бахъсэн куейм 1900 гъэм къыщалъхуар. Щраджа илъэс дыдэм, 1941 гъэм и бжыхьэм, зыхэт гупыр мэхутыкъуэри ар гъэр мэхъу. ИкӀи ноябрым и 29-м Бобруйск къалэм пэгъунэгъуу щыӀа нэмыцэ гъэрэщым йолӀыхь.

ЩоджэнцӀыкӀум и тхыгъэ уахътыншэхэу «Нанэ» усэр, «Мадинэ» поэмэр, «Къамботрэ Лацэрэ» романыр икӀи нэгъуэщӀхэри нэхъыжьхэми ныбжьыщӀэхэми фӀыуэ ялъагъу.

Хэку зауэшхуэм хэтауэ, орден лъапӀэхэр зыхуагъэфэща тхакӀуэхэри диӀэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Александр Невский» орденыр зрату щытар дэзэешэхэрщ. А орденыр яӀэу ди республикэм къагъэзэжащ Старэ Урыху жылэм къыщалъхуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ тхакӀуэ Нало Ахьмэдхъанрэ



ЩоджэнцӀыкӀу Алий
(1900 - 1941)



Гъубж Мухьэдин
(1913 - 1997)



КӀыщокъуэ Алим
(1914 - 2001)



ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм
(1916 - 1995)



Къардэн Бубэ
(1917 - 1986)



КIуащ БетIал
(1920 - 1957)



Нало Ахъмэдхъан
(1921 - 2010)



Шортэн Аскэрбий
(1916 - 1985)



КъардэнгъущI Зырамыку
(1918 - 2009)



Тубей Мухьэмэд
(1919 - 1973)



Бекъул Барэсбий
(1920 - 2002)

Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуа усакIуэ КIуащ БетIалрэ. Зи гугъу тщIам нэмыщI нэгъуэщI орден лIэужьыгъуэу 3-рэ медаль куэдрэ иIэщ Налом. КIуащ БетIал орден зэмылIэужьыгъуэу 4-рэ медаль зыбжанэрэ иIэщ.

Орден зэмылIэужьыгъуэу 4 зи бгъэгум хэлъу зауэм къикIыжахэм ящыщт Къардэн Бубэ – Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуар. Зауэм и нэгу щыщIэкIахэр и лъабжьэу, Бубэ художественнэ тхыгъэ зыбжанэ итхыжащ.

Хэку зауэшхуэм псэемыблэжу хэтащ къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ 11. Ахэр щIэблэм зэи ящыгъупщэнкъым. Дэ ахэр, сыт щыгъуи, гуапэу дигу къыдогъэкIыж.

ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.

*«Нур» журнал, 2003 гъ., № 5.*

# Шы къарэ лъакъуищ

*Адыгэ таурыхъ*

Къуажэ гуэрым зы лIыжь цIыкIу дэст. И щIалэгъуэм хыхьэхэкI иIэу щытауэ, жьы щыхъуам и унэ етIысылIэжат. А лIыжьым иIэт зы къуэрэ пхъуищрэ. И къуэ закъуэм зэреджэр Хьэгъурт.

ЛIыжьыр сымаджэ хъури лIэн щыхъум, и къуэр къриджэри жриIащ:

- Иджы, си щIалэ, сэ дунейм сохьэж. Си уэсяту къыпхузогъанэ: сэ сылIа иужькIэ, жэщищкIэ зэкIэлъыкIуэу шу зырыз мыбы къэджэнущи, си пхъуищыр абыхэм зырызу ет.

ЛIыжьым зэрыжиIам хуэдэу, япэ жэщым зы шу къыIухьэри къэджащ. ЛIыгъур и шыпхъу нэхъыжьыр щIишри иритащ. ЕтIуанэ жэщми зыгуэр къаджэри, курытыр иритащ. Ещанэ жэщми апхуэдэу зыгуэр къаджэри, и шыпхъу нэхъыщIэр иритащ.

ЛIыгъур, и адэри и шыпхъуищри имыIэжу зы илъэс хуэдизкIэ псэуауэ, егупсысащ: «Ди адэм и уэсятыр згъэзэщIа щхьэкIэ, си шыпхъуищыр згъэкIуэдащ. А щым языхэз псэууэ дунейм тетыжмэ, къэзгъуэтынщ», - жиIэри ежьащ.

Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, ишри увыIауэ, езыри ешауэ, гъуэмыладжи хъуауэ нартхэм я хэку ихьащ. Плъэри жыжьэу зы унэшхуэ гуэр къилъэгъуащ. Шым елъэдэкъауэри унэм нэсащ... Унэм ирихулIэри щыджэм, и шыпхъу нэхъыжь дыдэр къыщIэкIащ. Зэрызэlуплъэу зэрыцIыхужащ, зызэрадзри Iэплlэ зэхуащIащ. И шыпхъум гуфIэм-гъыжурэ унэм щIишащ. ХуэпщафIэри игъэшха къудейуэ, и шыпхъум и лIыр къэкIуэжащ. И дамэ лъэныкъуэм жыг итырыгъу телъу, адрей дамэ лъэныкъуэм зы щыхь телъу. Итырыгъур иридзыхри шыхьыр и дамэм зэрытелъу щIыхьэжащ. Щlалэ мыцIыхур щилъагъум, ишхын хуэдэу еплъащ. И фызыр къэпсалъэри:

- Ар сыт плъэкIэ, на, си далъху закъуэр пшхын хуэдэ?

- АтIэ ар уи далъхуу сэ сыткIэ сщIэнт?! – жиIэри сэлам кърихащ.

Ефэ-ешхэ хуащIри жэщищ-махуищкIэ зрагъэгъэпсэхуащ. ИтIанэ ЛIыгъур адрей и шыпхъуитIыр здэщыIэмкIэ еупщIащ.

- ЖэщиблI-махуиблкIэ мыбыкIэ укIуэмэ, уи шыпхъу курытым и деж унэсынущ, - къыжраIащ.

ЛIыгъур и шы-уанэ зэтрилъхьэри ежьащ. Абыхэм апхуэдэу ефэ-ешхэ къыхуащIри зрагъэгъэпсэхуащ. ИтIанэ абыхэм къыжраIащ:

- ЖэщиблI-махуиблкIэ мыбыкIэ укIуэмэ, уи шыпхъу нэхъыщIэ дыдэм и деж унэсынущ.





Лlыгъур и шы-уанэ зэтрилъхьэри ежьащ, ежьэри аргуэрым нэсащ. Щыджэм, и шыпхъу нэхъыщlэр къыщlэкlри lэплlэкlэ щlишащ. Хуэпщафlэри игъэшха къудейуэ, и лlыр къэсыжри нэщхъей дыдэу къыщlыхьэжащ.

- Сыт къэхъуар, сыт ущlэнэщхъейр?

- Сыщlэнщхъейращ, - жиlащ нарт абрагъуэжьым, - хэкум «сылlщ» жызыlэу исыр пэмылъэщу, иныжь нэ закъуэм Сэтэней дахэр яфlихьащ.

- Еl, сэ сызылъыхъуэу схуэмыгъуэтыр аракъэ! – жиlэри Лlыгъур щылъэтри, и шы-уанэ зэтелъыххэти, шэсри щlэпхъуащ.

«Нартхэм къыlэщlамыхыфар уэ къыlэщlэпхыфынкъым, иныжьым и lэпхъуамбэжьакlэм хуэдиз ухъуркъым, умыкlуэ, къэгъазэ», - жаlэ щхьэкlэ, къахуигъэзакъым.

Еуэм-кlуэм, еуэм-кlуэурэ, къуакlэбгыкlэ быдапlэ гуэрым нэсауэ мывэ сэрей лъагэкlэ къэщlыхьауэ унэшхуэ гуэрым ирихьэлlащ. Хъуреиуэ къикlухьри дыхьэпlэ щимыгъуэтым, и аркъэныр идзри щхьэдэпщыхащ. Унэм щlыхьэри, Сэтэней дахэр щlэст. Къаплъэри къыщилъагъум, занщlэу къыщылъэтащ:

- Мыбы щхьэ укъэкlуа мыгъуэ, иныжь мэхъаджэр къэсыжмэ, уишхынщ!

- Уи хъыбар зэхэсхати, усхьыжыну сыкъэкlуащ. Дэнэ щыlэ иныжьыр?

- Иныжьыр ежьауэ къэтщ, нобэ къэсыжынущ. Къызэрысыжу, уlэщlэкlуэдэнщ. Сэ уэркlэ хьыжа сыхъунукъым, сэ насыпыншэ сызэрыхъуам нэмыщlыжкlэ уэри зыхыумыгъэкlуадэу кlуэж, - къелъэlуащ Сэтэней дахэр.

- Хьэуэ, сэ усхьыжыну аращ сыкъыщlэкlуари, усхьыжынущ.

- Атlэ, иныжьыр къэсыжмэ, жэщибл-махуиблкlэ жеинущи, абы щыгъуэ сыхьыж. Ауэ иджыпсту дэкlыжи зыгъэпщкlу, зыпэщlумыгъэхуэ.

- Хьунщ, арикl апхуэдэу тщlынщ, - жиlэри Лlыгъур къыдэкlыжащ.

Иныжьыр къэсыжащ, ефэщ-ешхэри гъуэлъри жеящ. Лlыгъур Сэтэней дахэр къыдихри, и шыплlэм дэсу, къежьэжащ.

Жэщибл-махуиблкlэ жеяуэ иныжьыр къэушри, Сэтэней дахэр щыlэжтэкъым. Шэщым щlэхыу кlуэри и шы Къарэ лъакъуищым еупщlащ.

- Уэ ужейуэ ущылъу, Лlыгъур дихри ежьэжащ, - къыжриlащ.

- А хьэурэ хьэм ишхыжын шы къарэжь, щхьэ сыкъыумыгъэушарэ?! Накlуэ щlэхыу! – жиlэри иныжьыр хуэгубжьащ.

- Уэ иныжь нэ закъуэ, умыгузавэ, ар сэ сlэщlэкlыу здэкlуэн щыlэкъым. Кlуэ, тыншу шхэи, дежьэнщ, - жиlащ Къарэ лъакъуищым.

Иныжьыр шхэщ, шэсри кlэлъежьащ.

*Къыкlэлъыкlуэнущ.*

**КIЫЩХЬЭ Асай** – илъэси 7 мэхъу. «5» защIэкIэ йоджэ, и ныбжьыр илъэситхум иту лъапэкIэ щыту къэфэн щIидзащ, бэрэбанэ уэ IэзэщI, тепджэгуми дехьэх. Асай хабзэ хуэхъуауэ Кавказым хьэщIэу икIхэр адыгэ цейщыгъыу ирегъэблагъэ.

**НЭПСО Саусыр** – илъэс 11 мэхъу. Къэфэным, бэрэбанэ еуэным, тепджэгум дехьэх. Къуажэм и къэфакIуэ гуп «Типсэ» жыхуиIэм и пажэщ.







***АНИЯ Шагъэш*** – илъэси 10 и ныбжьщ. «5» защIэкIэ йоджэ.

*ЦIыкIухэ, фэ фощIэ адыгэхэр Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, нэгъуэщI къэралхэми зэрыщыпсэум.*

*Апхуэдэу, псалъэм папщIэкIэ, Израилым адыгэхэр къуажитIым щопсэу: Кфар-Камэ, Рихьэние жыхуиIэхэм. Кфар-Камэ цIыху миниц, Рихьэние – мин щопсэу. Абыхэм адыгэбзэ хуиту ящIэ.*

*Нобэ «Нурым» фэгъэцIыху Кфар-Камэ къуажэм и ныбжьыщIэ цIыкIухэр.*

# ЩIЭБЛЭ





**КIЫЩХЬЭ Селин** – илъэси 10 и ныбжьщ. ФIы дыдэу йоджэ, сурэт щIыным дехьэх.

**НЭПСО Нарт** – илъэс 12 и ныбжьщ. Дзюдо спорт лIэужьыгъуэмкIэ Израиль псом щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и финал ныкъуэм япэ увыпIэр къыщихьэхуащ.



# Атаев Вагит

*Атаев Вагит Дагъыстэным щыщ къумыкъу сабий усакlуэ цlэрыlуэщ, Дагъыстэным щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэщ, щlыхь зиlэ и егъэджакlуэщ. Абы литературэ зэпеуэ зыбжанэм текlуэныгъэхэр къыщихьащ. Апхуэдэуи Атаевыр Ершов Пётр и цlэкlэ щыlэ Урысейпсо конкурсым и лауреатщ. Усакlуэм и ныбжьыр мыгувэу илъэс 80 ирикъунущ.*

*Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ къумыкъу усакlуэм и lэдакъэщlэкl зыбжанэ.*

## Письмо

Зыдиудыгъуауэ плlанэпэм,
И щхьэр къимыlэту, тетрад напэм
Зыгуэр иретхэ Зуэ, егугъуупэу.
И пхъум ищlэр къыхуэмыщlэу,
Анэм Зуэ егъэпlащlэ:

- Апхуэдизу узэлlалlэр уэ сыт lуэху?
Зыхуапэ, садикым укъыкlэрохуу.
- Письмо хузотхыр си ныбжьэгъу Зулий,
Садым сымыкlуэ щlыкlэ сухын хуейщ.

- Зуэ, сыт щхьэр щlэбгъэузыр,
Тхэкlэм уз ущымыгъуазэ.
Умытхэфу, письмо пхуэтхрэ?
Накlуэ псынщlэу, сызэхэпхрэ?

- Умыгузавэ, мамэ, зыкlи –
Зулии ищlэркъым къеджэкlэ.





## Къэтщэхунщ

- Пщэдей укъыщалъхуа махуэщ,
Анэм и къуэр егъэудэlур:
Хуейт зыгуэр къыпхуэсщэхун,
Ауэ ахъшэр си мащlэlуэщ.

Щlалэ цlыкlум егъэщlагъуэ:
- Мамэ, ар умыщl уи жагъуэ.
Накlуэ, сэ тыкуэным сыши,
Къэтщэхункъэ ахъшэ хъушэу!



# Хэт щхьэгъубжэр зыкъутар?

- Зыкъутар хэт мы щхьэгъубжэр,
Пэжыр жыфlэт, фымыбзыщlу.
Къызжевмыlэми, ар сощlэр,
Нэхъыфlщ,   фэ зывумысыжи.

Зэщlэщымауэ джэдыкlампlэу,
Йожыхьыр  зэраншухэр   я пlэм,

- Инус, щхьэ зыбущэхуа,
Уэра топыр дэзыхуар?
Сыт, Исуф, уэ зыщlэбгъэпщкlур?
Пэжыр жыlи, аращ къекlур.

Зэщlэщымауэ джэдыкlампlэу,
Йожыхьыр  зэраншухэр я пlэм.

- Уэ, си щlалэ цlыкlу нэхъыщlэ,
Узэрыжыlэдаlуэр сощlэ,
Шынэхъыжьхэм уащымышынэу,
Пэжыр жыlэт, зы къэмынэу.

- Бжесlэфынут пэжыр, мамэ,
Уэлиижыр щымытамэ.
Аращ сэ сызыщышынэр,
Бзэгу пхуэсхьыжмэ, сиукlынущ...

# Джэджьей

Мэжэлlат, нэсат шэджагъуи,
Къытекlащ джэдкъуртыр абгъуэм.
Хъыджэбз цlыкlур мэгузавэ –
Сыт къуртыжыр къыщlэгувэр?

Абдеж, кърикъэхуу и нэр,
Ар илъагъум къегъэшынэ:
Къызэщlочэри джэдыкlэр,
Джэджьей цlыкlу и кlуэцlым къокlыр.

Къытlысхьащ и пащхьэм фагъуэу-
Хъыджэбз цlыкlум егъэщlагъуэ:
Джэдыкlэр къанэу мыкъутауэ,
Зэрипщхъэфар и кlуэцlым дауэ?

*Зэзыдзэкlар* ***УЭРЭЗЕЙ Афликщ***



# Сабий гъэджэгукIэхэр



Я Iэблэм тес сабийм бзу ирагъэлъагъуурэ жраIэ:

Бзу, бзу гуагуэ,
Хьэгуагуэ нэф,
КIэфом тес,
Ахъыпчи къэхьи,
Зы хьэ уэстынщ,
Тыр-р, – лъэтэжащ.

Хъыджэбз цIыкIухэр зэрытрагъэум дэдзей-къедзых лъэпкъ халъын хуейкъым, атIэ, зэрагъэдыхьэшхын, щэныфIэу зэрыщытыным тегъэщIащ.

КIадэ, дащхьэ,
Гущхьэ лъынэ,
Нанэ и гуащэ нэху,
Хужьурэ IэфI,
ФIыр зыдэбагъуэ,
Зи узыгъуэр кIуэдын,
Нанэ хъуху псэун!

ЩIалэ цIыкIухэр я куэщIым ису, я куэпкъым тесу драдзей хуэдэу ящIурэ ягъэджэгу адэшхуэ-анэшхуэхэм.

Быкъэ-быкъэ,
Алащэ,
Шым и лъакъуэр къуташ,
Къратар мыгъасэщ,
ЗретIэ-зресэ,
«Сархъэ» – жиIэу
Кърeдзых.

Тыкъэ-тыкъэ,
Тыкъэ-тыкъэ,
Дадэ,
Тыкъэ-мыл.
Дадэ,
Къамылапщэ,
Дадэ пщыгъэшынэ,
Дадэ.

Шу-шу къокIуэ,
Шу-шу къос,
ПщIэгъуалэм тесщ,
И пэр сыринэщ,
И анэшым макIуэ,
Шыбз яхуехy,
Хуарэм тесу къосыж.

ХьэщIыб-щIыбыкъуэ,
Дадэ быкъуэ къеукI,
КIапэ пшэрыр къытхуехь,
Шыуан цIыкIум иредзэ,
Дзыгъуэ цIыкIум ирех,
ДыкIэлъыжэу тIэщIокI,
И нэр къытхурегъэкI,
КIапэм дыхегъэкIыж.



*ЩIэныгъэлIхэм зэратхыжамкIэ игъэхьэзырaщ* ***СЭРАЛЪП Заремэ***

# Махуэгъэпс



## Апрель

1 – Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэ; Гушыlэм и махуэ

2 – Сабий тхылъым и дунейпсо махуэ

7 – Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэ

12 – Космонавтикэм и махуэ

Юрий Гагарин япэу космосым щылъэта махуэ (1961 гъ.)

15 – Щэнхабзэм (культурэм) и дунейпсо махуэ

18 – Фэеплъ сынхэмрэ тхыдэм епха щlыпlэхэр хъумэнымкlэ дунейпсо махуэ

25 – Адыгэ (шэрджэс) ныпым и махуэ

28 – Гуащlэдэкlыр хъумэнымкlэ дунейпсо махуэ

29 – Къафэм и дунейпсо махуэ

## Май

1 – Гъатхэм, гуащlэдэкlым, мамырыгъэм я махуэ

Гъатхэмрэ гуащlэдэкlымрэ я дунейпсо махуэ

5 – Европэм и махуэ

7 – Радиом и махуэ

8 – Крест плъыжьымрэ мазэ ныкъуэ плъыжьымрэ я дунейпсо махуэ

9 – Текlуэныгъэм и махуэ

12 – Медсестрахэм я дунейпсо махуэ

15 – Унагъуэхэм я дунейпсо махуэ

18 – Музейхэм я дунейпсо махуэ

21 – Кавказ зауэм хэкlуэдахэм я фэеплъу адыгэхэм ирагъэкlуэкl щыгъуэ махуэ

25 – Курыт еджапlэхэм я иужьрей уэзджынэм и махуэ

27 – Библиотекэхэм я махуэ

28 – Къэрал гъунапкъэхэр зыхъумэм и махуэ

# ЗООПАРКЫМ

ХЬЭТУ Пётр



### БАЖЭ ШЫР

Бажэр, шырми, бзаджэу жаlэ,
Ищlэу, жаlэ, lэмал куэд...
Ауэ и бзаджагъэр даlэ?
Хъарым исщ, езыри уэдщ.

### ДЫГЪУЖЬ ШЫР

«Дыгъужь» жиlэу тетщ и хъарым,
Ауэ исыр хьэпшыр цlыкlущ,
И анэжьри ди хьэ Рарэ
Къыщхьэщыкlыркъым зыцlыкlу.

### НОМИН ШЫР

Номин шырыр ист нэщхъейуи,
Сэ абы сыбгъэдыхьащ,
Къыхуэсхьар щыхуэзэуцкъуейм,
Нэжэгужэ къэхъужащ.
Сыкъэвцlыху, къыззэсэжауэ,
Ест бананхэр lэфlу ешх.
Иджы, мис, къэтlысыжауэ,
Цlыхум хуэдэу мэдыхьэшх.

### МЫЩЭ ШЫР

Мыщэ шырым сытри ешхыр,
Сыти ет – зимыгъэгусэ;
Шы бычени, фори ешхыр,
Ешх кlэнфети, мыlэрыси...
Мес, хуэздза лы гъурыр ешхыр,
Фlэфlуи жаlэ мырамысэ!





### МАХЪШЭ ШЫР

Махъшэр пфlощl зэхэуфауэ:
Шхын тхьэмыщкlэм ирамыт...
lусу пэгунитl ефауэ,
Нэгъуэщl гуэри пэплъэу щытщ!

### КЪАПЛЪЭН ШЫР

Си гъущl хъарым и гъунэгъуу
Фыщымытыт, жьэр ущlау,
Схэпъыр мащlэщ сэ гущlэгъуу,
Сы-Къаплъэнщ сэ, сымы-Нау!..

# САБИЙХЭР МЭГУЩЫIЭ

Анэшхуэр Анзор цIыкIу йоупщI:
– Си тIасэ, уи шыпхъу цIыкIум цIэ фIэпщын къыхуэбгъуэта?
– Хьэуэ! Сэ къуэшщ сызыхуейр.

Япэу лъэрыжэм теува сабийм жеIэ:
– Папэ, накIуэ нэгъуэщI лъэрыжэм.
– Сыт къэхъуар?
– Мы дыкъыздэкIуар цIэнтхъуэрыгъуэщ.

Анзор япэ дыдэу школым къыщикIыжым и анэм йоупщI:
– Мамэ, пщэдей унэм сыдэс?

Заур и шыпхъу цIыкIум жреIэ:
– Уэсдадэм хуэттха письмор щIыIалъэм дэпхьэн хуейщ.
– ЩIыIэм исынкъэ?
– Хьэуэ, нэхъ псынщIэу нэсынущ.

Яхуэмышхэ Мурат адэ-анэм жраIэ:
– Шхэ, тIысэ, ушхэмэ инышхуэ ухъунущ.
– Фэ ин фыхъуакъэ?
– НтIэ.
– АтIэ, щхьэ фышхэрэ?

Мажид и жэуапхэр:
– Сыт нэ цIыкIухэм ящIэхэр?
– Къоплъэхэр.
– Уи тхьэкIумэ цIыкIухэм-щэ?
– МэдаIуэхэр.
– Уи пэ цIыкIум сыт-тIэ ищIэр?
– Къопс.



Зыгъэхьэзырар СЭРАЛЪП Заремэщ

# Европэ зэхьэзэхуэ

Тыркум тхэквандомкіэ ныбжьыщіэхэм я Европэ зэхьэзэхуэ щекіуэкіащ. Белек къалэм дэт «Моретим» спорткомплексым щызэпэщіэуват къэрал 45-м къикіа, 2001-2005 гъэхэм къалъхуа спортсмен минитіым щіигъу. Я ныбжь елъытауэ ахэр гулитіу гуэшыжат. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ціыхуитхум Урысей Федерацэм и щіыхьыр а зэхьэзэхуэм щахъумэну дзыхь къратъэзати, плІым медалхэр яіыгъыу къагъэзэжащ.

*Кг* 49-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм псоми щатекіуащ Ездэч Ренат. Ар Европэм щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. *Кг* 30-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэхьэзэхуэм хэта Тхьэзэплъыж Ислъами хуэмыхуакъым. Абы дыжьын медалыр зыіэригъэхьащ.

Багъ Идаррэ (*кг* 28-м нэс) Султанов Солтатрэ (*кг* 73-м нэс) зэпеуэм ещанэ увыпіэхэр щаубыдащ.



Европэ зэхьэзэхуэм хэта ди щіалэ ціыкіухэр зыгъэсэр Ахъмэт Амирщ.

# Урысейпсо утыкум

Каратэ-киокусинкаймкіэ Урысей Федерацэм и зэхьэзэхуэ Томск къалэм щызэхэтащ. Ди къэралым и щіыпіэ 36-м икіа спортсмен ныбжьыщіэ 500-м щіигъу абы къэрихьэліат.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и щіыхьыр урысейпсо утыкум щахъумащ Налшык дэт Комплекснэ спорт школ хэхам и гъэсэнхэу Созаев Амирланрэ Балъкъыз Ратмиррэ. Ахэр хэтащ илъэс 14-15 зи ныбжь щіалэ ціыкіухэм я зэпеуэм.

*Кг* 65-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм Созаевыр чемпион щыхъуащ. *Кг* 40-м нэсхэм ещанэ увыпіэр щиубыдащ Балъкъызым. Ди щіалэхэм медалхэмрэ кубокхэмрэ къыхуагъэфэщащ. Абыхэм я гъэсакіуэхэщ Алпаев Акъболэтрэ Джинчарадзе Зурабрэ.

***ЖЫЛАСЭ Заур***

*Сурэтхэм:* 1. Европэм и чемпион Ездэч Ренат Іэмал къегъэлъагъуэ. 2. Созаев Амирланрэ Балъкъыз Ратмиррэ, я гъэсакіуэхэр я гъусэу.

# Макъамэ зыгъэlу адыгэ пшынэхэр







*Упщlэхэр:* 1. Макъамэ къызэрыкl адыгэ lэмэпсымэ *(гармонь)*. 2. И зы кlапэм уепщэу макъамэ къозыт жьэпшынэ лlэужьыгъуэ *(горн, дудка)*. 3. Шыкlэпшынэм теукъуэдия шыкlэ налъэм зэреджэр. 4. Шыкlэпшынэм зэреджэ нэгъуэщl псалъэ. 5. Шыкlэпшынэ лlэужьыгъуэ, lэпэкlэ еуэу *(балалайка)*. 6. Пшынэм къэрагъэкl лlыхъуэжь уэрэд; макъамэ. 7. Къамыл жэпкъым е гъущlхэкl ку гъуанэхэм къыхэщlыкla накъырэ лlэужьыгъуэ. 8. Пасэрей жьэпшынэ лъэпкъыгъуэ. 9. Бжьамий епщэныр зи lэщlагъэ цlыху.

*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнц «пшынэзыщыхъуэ» мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщl псалъэ.*

Жэуапылъэ: *бжьамиящэ, пшынэ, сыринэ, накъырэ, къамыл, шыкlэ, пшыналъэ, пшынэзыщыхъуэ, шыкlэпшынэ, lэпэпшынэ.*







*Кфар-Камэ къуажэм и «Типсэ» къэфакIуэ гупырщ.*



*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№4 2015г.

Учредители:
Госкомпечать КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б.ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А.АБАЗОВ**
**А.БИЦУЕВ**
**Х.КАРМОКОВ**

Художественный редактор
**Л.ПАРОЕВА**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.03.2015 г.
Выход в свет
30.04.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура SchoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 42
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000,Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-33

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г.Нальчик, ул. Ленина,33